QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
STATISTIKA BASQARMASÍ





# Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaat islep shıǵarıwı

*2022- jıl yanvar-mart* (dáslepki maǵlıwmat)



**Sanaat statistikası bólimi**
**Tel.: 61-222-75-87**

## Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaat islep shıǵarıwı

*(2022- jıl yanvar-mart aylarında)*

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2022- jıldıń yanvar-mart aylarında respublika kárxanaları tárepinen 4299,6 mlrd. sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, 2021- jıldıń yanvar-mart aylarına salıstırǵanda sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi* 101,8 % ti quradı.

Sanaat islep shıǵarıw quramında eń úlken úles islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaatqa tuwrı kelip, onıń jámi sanaat islep shıǵarıwdaǵı úlesi (84,8 %) ti quradı.

| B | C | D | E |
|---|---|---|---|
| 0,2 % | 84,8 % | 14,5 % | 0,5 % |
| *Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew* | *Islep shıǵaratuǵın sanaat* | *Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw* | *Suw menen támiyinlew; kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw.* |

Tiykarǵı ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanaat islep shıǵarıw, FKI* *% te*

| | *2021- jıl* | *2022- jıl* |
|---|---|---|
| B | 72,7 % | 45,5 % |
| C | 109,8 % | 102,5 % |
| D | 135,9 % | 103,2 % |
| E | 82,2 % | 99,2 % |

* **Sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi** *islep shıǵarılǵan ónimler (isler, xızmetler) kóleminiń sáykes dáwirdegi ózgeriwin anıqlawshı salıstırma kórsetkish.*

Jámi sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kóleminiń ósiwine tiykar bolıp, islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaattıń – 2,5 % ke hámde elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw – 3,2 % ke ósiwine xızmet etti.

## Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew

2022- jıl
9,0 mlrd. sum

2021- jıl
8,2 mlrd. sum

2020- jıl
20,4 mlrd. sum

B

2022- jıl
45,5 %

2021- jıl
72,7 %

2020- jıl
19,0 %

Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew kárxanaları tárepinen 2022-jıldıń yanvar-mart aylarında islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 9,0 mlrd. sumdı yamasa jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 0,2 % tin quradı.

**Jámi sanaat islep shıǵarıw kólemindegi úlesi, % te**

| 2021- jıl | 2022- jıl |
| --- | --- |
| B | B |
| 0,2 % | 0,2% |

## Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islewde iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, *% te*




| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-mart | 2022- jıl yanvar-mart | Ayırması, +/- |
|---|---|---|---|
| Hák tas, mıń t. | 45,2 | 67,4 | 22,2 |







| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-mart | 2022- jıl yanvar-mart | Ayırması, +/- |
|---|---|---|---|
| Tabiyiy gaz, mln. kub.m. | 523,7 | 369,0 | -154,7 |
| Gaz kondensatı, mıń t. | 26,3 | 20,1 | -6,2 |

## Islep shıǵaratuǵın sanaat




2022- jıldıń yanvar-mart aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 3646,0 mlrd. sumdı yamasa jámi sanaat ónimleriniń 84,8 % tin quradı.




Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda islep shıǵarılǵan sanaat quramında joqarı texnologiyalı tarmaqtıń úlesi 0,3 % ti (2021- jıl yanvar-mart 1,3 %), orta-joqarı texnologiyalı – 63,9 % (67,3 %), orta-pás texnologiyalı  3,0 % (2,6 %) hám pás texnologiyalısı – 32,8 % (28,8 %) ti quradı.



*Jámi islep shıǵaratuǵın sanaat quramında ximiyalıq ónimlerdi, rezina hám plastmassa buyımların islep shıǵarıwdıń úlesi – 64,0 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 98,1 %), azıq-awqat hám ishimlik ónim-lerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 12,0 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 92,4 %), toqımashılıq, kiyim, teri ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 19,7 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 132,8 %), basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 2,3 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 146,6 %) quradı.*

## Islep shıǵaratuǵın sanaatta ayırım túrdegi ónimlerdiń ósim páti

***Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda,*** *% te*


















2022- jıldıń yanvar-mart aylarında islep shıǵaratuǵın sanaatta 75,7 mıń tonna portlandcement (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 20,3 % ke ósken), 10,8 mıń tonna paxta talası (13,8 %), 15,8 mıń tonna paxta shigiti (0,8 %) islep shıǵarılıp, joqarı ósim páti gúzetildi. Sonıń menen birge 21,8 mıń tonna jumsaq biyday hám spelta unı (4,7 %), 1,1 mıń tonna tazalanǵan gúrish (10,7 %), 927,7 mıń litr araq (14,2 %), 3,6 mıń tonna paxtadan iyirilgen jip (24,3 %) hám 1,5 mıń tonna tazalanǵan ósimlik mayı (41,6 %) islep shıǵarılıp, 2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti páseygenligi gúzetildi.

## Islep shıǵaratuǵın sanaatta iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi ónimlerdi islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-mart | 2022- jıl yanvar-mart | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| | | | |
| **Araq, *mıń litr 100 % li spirt*** | 1080,6 | 927,7 | -152,9 |
| **Polietilen, *mıń t.*** | 93,2 | 75,7 | -17,5 |
| **Polipropilen, *mıń t.*** | 24,8 | 21,5 | -3,3 |
| **Jumsaq biyday hám spelta unı, *mıń t.*** | 22,8 | 21,8 | -1,0 |
| **Paxta talası, *mıń t.*** | 9,5 | 10,8 | 1,3 |
| **Ósimlik mayı (tazalanǵan), *mıń t.*** | 2,6 | 1,5 | -1,1 |

## Ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw

*2021- jıldıń yanvar-mart ayları juwmaǵına bola ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 66,8 % ti quraǵan, fizikalıq kólemi indeksi bolsa 111,1 % ti quraǵan.*

*Sonday-aq, 2022- jıldıń yanvar-mart aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 63,9 % ti, fizikalıq kólemi indeksi 98,3 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 2329,9 mlrd. sumdı quradı.*




## Basqa metal emes mineral ónimlerin islep shıǵarıw




*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıl yanvar-mart aylarında basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 2,1 % ti, onıń fizikalıq kólemi indeksi 97,1 % ke quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-mart ayları juwmaǵına bola, basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 2,3 % ti quradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 46,6 % ke ósti hám islep shıǵarıw kólemi 85,6 mlrd. sumdı quradı.*

## Azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı

*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıl yanvar-mart aylarında azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 11,8 % ti, onıń fizikalıq kólemi indeksi 103,6 % ti quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-mart ayları juwmaǵına kóre, azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 10,6 % ti quradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 8,4 % ke ósti hám islep shıǵarıw kólemi 387,4mlrd. sumdı quradı.*



## Ishimlik ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı

Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıldıń yanvar-mart aylarında ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 1,2 % ti, onıń fizikalıq kólemi indeksi 118,2 % ti quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-mart ayları juw-maǵına bola, ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 1,4 % ti quradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 102,9 % ti hám islep shıǵarıw kólemi 50,0 mlrd. sumdı quradı.




## Toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı




Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıldıń yanvar-mart aylarında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 14,2 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólemi indeksi 118,0 % ti quraǵan.

Sonday-aq, 2022- jıldıń yanvar-mart aylarında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 18,7% ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólemi indeksi 30,7 % ke ósken bolsa, islep shıǵarıw kólemi 681,9 mlrd. sumdı quradı.

## Kiyim islep shıǵarıw sanaatı

2021- jıldıń yanvar-mart ayları juwmaǵına bola, kiyim islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaat quramındaǵı úlesi 0,6 % ti, fizikalıq kólemi indeksi 143,8 % ti quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-mart aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 1,0 % ti, fizikalıq kólemi indeksi 151,7 % ti, islep shıǵarıw kólemi 35,7 mlrd. sumdı quradı.



## Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw

Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı konditciyalaw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 624,5 mlrd. sumdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 14,5 % tin) quradı.

2022- jıldıń yanvar-mart aylarında, sanaattıń usı tarmaǵında elektr energiyanı islep shıǵarıw, uzatıw hám bólistiriw, puw menen támiyinlew sistemaları hám hawanı kondiciyalaw ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 3,2 % ke óskenligi gúzetildi.




## Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-mart | 2022- jıl yanvar-mart | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| **Elektroenergiya,** *mln.kVt.s* | 1284,1 | 1553,6 | 269,5 |
| **Issılıq energiyası,** *mıń gkal* | 28,2 | 24,0 | -4,2 |
| **Gaz sıyaqlı janılǵını trubalar arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler,** *mlrd. sum* | 44740,2 | 48147,0 | 3406,8 |

## Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw

Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 20,1 mlrd. sumdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 0,5 % tin) quradı.




### Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-mart | 2022- jıl yanvar-mart | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Aqava suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler, *mln. sum* | 1568,2 | 1614,1 | 459,0 |
| Qawipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler, *mln. sum* | 3694,3 | 4363,5 | 669,2 |
| Suwǵa islew beriw hám suw trubaları arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler, *mln. sum* | 11718,4 | 13119,5 | 1401,1 |

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda suwǵa islew beriw hám trubalar arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler–12,0 % ke, aqava suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler– 2,9 % ke, qáwipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler–18,1 % ke óskenligi gúzetildi.

# Tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

*Tayar ónimler túrlerin keńeytiriw hám islep shıǵarıwdı qollap-quwatlaw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan is-rejeler nátiyjesinde, tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi 565,4 mlrd. sumdı quradı hám 2021-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 94,3 % ti, onıń jámi sanaattaǵı úlesi 13,1 % ti quradı.*

## Azıq-awqat ónimleri

| 2021- jıl | 2022- jıl |
| --- | --- |
| 64,8 % | 62,0 % |

## Aziq-awqat emes ónimler

| 2021- jıl | 2022- jıl |
| --- | --- |
| 35,2 % | 38,0 % |

*Azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw quramında vino hám araq ónimleri hám pivo 8,8 % (2021- jıl yanvar-mart aylar ında 7,5 %) ti quradı.*

*Qala hám rayonlar kesiminde tutınıw ónimlerin islep shıǵarıwdıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úles Nókis qalasına tuwrı kelip, 16,5 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 14,9 % ti, Taxtakópir rayonı 9,1 % ti, Beruniy rayonı 7,8 % ti, Ellikqala rayonı 7,6 % ti, Tórtkúl hám Xojeli rayonları 7,5 % ti quradı.*

*Sonday-aq, tutınıw ónimlerin islep shıǵarılıwınıń ósim páti respublika ósim páti (94,3 %) darejesinen joqarı kórsetkish Taxtakópir (161,5 %), Qaraózek(150,7 %), Shımbay (131,3 %), Moynaq (127,5 %), Nókis (118,3 %), Ámiwdárya (106,4 %), Kegeyli (105,6 %), Tórtkúl (105,5 %) hámde Ellikqala (105,0 %) rayonlarında quradı.*

## Qala hám rayonlar boyınsha tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

*Qala hám rayonlar kesiminde tutınıw ónimlerin islep shıǵarıwdıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úles Nókis qalasına tuwrı kelip, 16,5 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 14,9 % ti, Taxtakópir rayonı 9,1 % ti, Beruniy rayonı 7,8 % ti, Ellikqala rayonı 7,6 % ti, Tórtkúl hám Xojeli rayonları 7,5 % ti quradı.*




*447,2* mlrd. sum
*2020- jıl*

*562,9* mlrd. sum
*2021- jıl*

*565,4* mlrd. sum
*2022- jıl*




Jámi sanaat islep shıǵariw kóleminde tutınıw ónimleriniń úlesi

**2020- jıl** — **103,7 %**

**2021- jıl** — **108,3 %**

**2022- jıl** — **94,3 %**

## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat emes ónimlerdi islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat emes ónimlerin islep shıǵariwdıń respublikadaǵı jámi kólemindegi eń joqarı úles Taxtako'pir rayonına 14,7 % ti tuwrı kelip, sonday aq, Ellikqala rayonı 13,2 % ti, Nókis qalası 12,0 % ti, Beryniy hám Xojeli rayonları 8,2 % ti, Shımbay rayonı 7,8 % ti ,Tórtkúl rayonı 7,0 % ti quradı.

**168,9** mlrd. sum
*2020- jıl*

**198,0** mlrd. sum
*2021- jıl*

**215,0** mlrd. sum
*2022- jıl*




Jámi tutınıw ónimlerin islep shıǵariw kóleminde azıq-awqat emes ónimleriniń úlesi

01 2020- jıl 109,8 %

02 2021- jıl 108,4 %

03 2022- jıl 100,0 %



## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat ónimlerdi islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarılıwınıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úlesi Taqıyatas rayonına tuwrı kelip 21,9 % ti, sonday-aq, Nókis qalası 19,3 % ti, Tórtkúl rayonı 7,9 % ti, Beruniy rayonı 7,6 % ti, Xojeli rayonı 7,0 % ti, Shımbay rayonı 5,8 % ti hámde Taxtakópir rayonı 5,7 % ti quradı.




278,3 mlrd. sum — 2020- jıl

364,9 mlrd. sum — 2021- jıl

350,4 mlrd. sum — 2022- jıl




Jámi tutınıw ónimlerin islep shıǵariw kóleminde azıq-awqat ónimleriniń úlesi

01 — 2020- jıl — 100,4 %

02 — 2021- jıl — 108,3 %

03 — 2022- jıl — 92,4 %

## Qaraqalpaqstan Respublikası qala hám rayonlar kesiminde sanaat islep shıǵarıw kólemleri

Respublikadaǵı sanaat islep shıǵarılıw quramında eń kóp úles Nókis qalası (Respublika sanaat islep shıǵarılıw kóleminiń 55,3 % ti), Taqıyatas (13,9 %), Tórtkúl (4,4 %), Beruniy (4,2 %), Qońırat (4,1 %) hám Ámiwdárya (3,4 %), rayonlarına tuwrı kelmekte.

### Qaraqalpaqstan Respublikası

**2020- jıl**
3352,6 mlrd. sum

**2021- jıl**
4158,8 mlrd. sum

**2022- jıl**
4299,6 mlrd. sum



**2020- jıl** 106,1 %

**2021- jıl I** 109,4 %

**2022- jıl** 101,8 %

| | FKI, % te | mlrd. sum |
|---|---|---|
| Ámiwdárya | 110,1 | 145,2 |
| Beruniy | 112,2 | 180,1 |
| Bozataw | 101,7 | 4,3 |
| Qanlikól | 97,5 | 88,5 |
| Qaraózek | 101,8 | 62,5 |
| Kegeyli | 102,5 | 20,9 |
| Qońırat | 117,3 | 176,1 |
| Moynaq | 101,2 | 29,6 |
| Nókis r. | 98,0 | 60,0 |
| Taqıyatas | 100,8 | 599,8 |
| Taxtakópir | 107,3 | 100,2 |
| Tórtkúl | 138,2 | 191,5 |
| Xojeli | 101,4 | 79,9 |
| Shımbay | 87,5 | 58,3 |
| Shomanay | 106,2 | 23,3 |
| Ellikqala | 91,6 | 100,7 |
| Nókis qalası | 90,7 | 2378,7 |

## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın sanaat ónimleri hám tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

Xalıq jan basına sanaat ónimleri islep shıǵarıwdıń bóliniwi, iri sanaat kárxanaları jaylasıw esabınan Nókis qalasında (7211,0 mıń sum), Taqıyatas (7931,3 mıń sum) rayonında ortasha Qaraqalpaqstan Respublikası dárejesi kórsetkishinen (2202,5 mıń sum) ádewir joqarılaǵanın kórsetpekte.




### Qaraqalpaqstan Respublikası

2020- jıl
1763,5 mıń sum

2021- jıl
2159,7 mıń sum

2022- jıl
2202,5 mıń sum



01 2020- jıl 104,5 %

02 2021- jıl 107,0 %

03 2022- jıl 100,4 %

## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın tutınıw ónimleri hám tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha xalıq jan basına tutınıw ónimleri islep shıǵarıwı 289,6 mıń sum bolǵanda Taxtako'pir rayonında 1266,7 mıń sumdı, Taqıyatas rayonında 1115,1 mıń sumdı, Shomanay rayonında 337,1 mıń sumdı hám Xojeli rayonında 335,7 mıń sumdı quradı.

### Qaraqalpaqstan Respublikası

| | |
|---|---|
| 2020- jıl | 235,2 mıń sum |
| 2021- jıl | 292,3 mıń sum |
| 2022- jıl | 289,6 mıń sum |



| | |
|---|---|
| 2020- jıl | 93,1 % |
| 2021- jıl | 108,0 % |
| 2022- jıl | 102,2 % |

| | ósim páti | mıń. sum |
|---|---|---|
| Ámiwdárya | 104,9 | 150,8 |
| Beruniy | 100,8 | 223,3 |
| Bozataw | 99,6 | 148,0 |
| Qanlikól | 82,0 | 122,7 |
| Qaraózek | 149,4 | 221,0 |
| Kegeyli | 104,9 | 133,0 |
| Qońırat | 99,1 | 213,5 |
| Moynaq | 124,9 | 259,7 |
| Nókis r. | 116,4 | 166,7 |
| Taqıyatas | 99,4 | 1115,1 |
| Taxtakópir | 160,7 | 1266,7 |
| Tórtkúl | 103,8 | 192,0 |
| Xojeli | 70,3 | 335,7 |
| Shımbay | 130,4 | 324,7 |
| Shomanay | 99,6 | 337,1 |
| Ellikqala | 103,3 | 261,0 |
| Nókis qalası | 60,1 | 283,2 |

## Respublikada hárekettegi hám jańadan ashılǵan sanaat kárxanaları

Búgingi kúnde respublikada 3219 sanaat kárxanaları háreketke bolıp, sonnan 1567 (hárekettegi kárxanalar ulıwma sanınıń 48,6 %) Nókis qalasına 661 (20,5 %), Tórtkúl rayonına 328 (10,2 %), Ámiwdárya rayonına 303 (9,4 %), Beruniy rayonına 275 (8,5 %) tuwrı kelmekte.




### Jańadan ashılǵan kárxanalar

- 2020- jıl — 187 dana
- 2021- jıl — 210 dana
- 2022- jıl — 179 dana



### Hárekettegi kárxanalar

- 2020- jıl — 2444 dana
- 2021- jıl — 2962 dana
- 2022- jıl — 3219 dana

## Tayar ónimler, qosımsha bólekler hám materiallar islep shıǵarıwdı jergiliklestiriw dástúriniń ámelge asırılıwı.

*Respublikadaǵı sanaat ónimlerin islep shıǵarıwdıń joqarı ósim pátine erisiwde tayar ónimler, qosımsha bólekler hám materiallar islep shıǵarıw jergiliklestiriw dástúriniń ámelge asırılıwı da óz tásirin kórsetti. Usı dástúr sheńberinde kiritilgen 41 joybar boyınsha 128,3 mlrd. sumlıq ónimler islep shıǵarıldı. Jergiliklestiriw dástúri sheńberinde islep shıǵarılǵan ónimler 1,0 mln AQSh dollari muǵdarında eksport qılındı.*

| | 2021- jıl | 2022- jıl |
|---|---|---|
| Joybarlar sanı, *birlikte* | 34 | 41 |
| Kárxanalar sanı, *birlikte* | 29 | 22 |
| Islep shıǵarıw kólemi , *mlrd. sum* | 105,1 | 128,3 |
| Jańadan jaratılǵan jumıs orınları, *birlikte* | 26 | 55 |

*Jergiliklestiriw dástúri sheńberinde 2022- jıl yanvar-mart aylarında 55 jańa jumıs orınları jaratıldı ham ótken jıldıń sáykes dáwirne salıstırǵanda jańadan jaratılǵan jumıs orınları sanı 111,5 % ke ósken. Sonıń menen birge, 2021- jıl yanvar-mart aylarına salıstırǵanda jergiliklestirilgen ónimler eksportı kóleminiń kemeygenligi gúzetildi.*